

**KUMPULAN NASKAH DRAMA *GAPIT* ANGGITANE
BAMBANG WIDOYO SP. (TINGINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

TIA LUSIANA SAPUTRA
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Bambang Widoyo SP. minangka salah sawijine pengarang uga dramawan kang aktip ing jagade kasusastran Jawa. Asil karyane kang arupa naskah drama kerep digelar dening mahasiswa, kayata “Leng”, “Tuk”, “Rol”, lan uga ana naskah drama kang didadekake buku yaiku Kumpulan Naskah Drama *Gapit* (KNDG). Kumpulan naskah drama kasebut narik kawigaten awit ngrembug prakara-prakara sosial kang ana gegayutane karo kanyatan ing masyarakat. KNDG kasebut uga bakal dikaji kanthi tingingan sosiologi sastra kang uga disengkuyung tingingan struktural.

Saka maneka warna prakara sosial ing KNDG iku, ing panliten iki kababar underane panliten, yaiku (1) Kepriye strukture KNDG anggitane Bambang Widoyo SP?, (2) Apa wae prakara sosial kang digambarake dening pangripta sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP?, (3) Kepriye sesambungane prakara sosial sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP karo prakara sosial sajrone panguripan kang nyata?. Dene tujuwan panliten, yaiku (1) njlentrehake struktur KNDG anggitane Bambang Widoyo SP, (2) njlentrehake prakara sosial kang digambarake dening pangripta sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP, (3) njlentrehake sesambungane prakara sosial sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP karo prakara sosial sajrone panguripan kang nyata.

Panliten iki diajab bisa asung paedah, yaiku (1) tumrap panliti, panliten iki mujudake sarana kanggo ngecakake kawruh lan katrampilan kang wis ditampa sasuwene kuliyah, (2) tumrap studi sastra, kanggo menehi sumbangan tumrap pangrembakane telaah karya sastra kang nggunakake tingingan sosiologi sastra mligine kanggo nintingi karya sastra kang awujud drama, (3) tumrap pamaca, panliten iki bisa dadi sarana nggampangake anggane maca lan menehi pambiji marang karya sastra Jawa modern, mligine KNDG anggitane Bambang Widoyo SP. Panliten iki katindingan kanthi sosiologi sastra. Gegayutan karo tingingan kasebut, kaandharake konsep lan teori yaiku (1) drama, (2) struktur, (3) sastra lan masyarakat, (4) sosiologi sastra, lan (5) prakara sosial

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif kualitatif kang gegayutan karo tingingan sosiologi sastra. Sumber dhata ing panliten iki yaiku KNDG kang diterbitake taun 1998 dening yayasan penerbitan Bentang Budaya. Dhata ing panliten iki yaiku tetembungan, ukara lan wacana kang ana gegayutane karo prakara kang arep diteliti. Instrumen utawa alat pangumpulane dhata kang utama yaiku panliti dhewe. Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki nggunakake metode pustaka lan tata cara nganalisis dhatane nggunakake metode hermeneutik.

Asile panliten iki yaiku ing babagan struktur mung diwatesi tema, paraga, lan alur. Tema saka patang naskah drama sajrone KNDG yaiku tema sosial, kayata kang ana ing drama “Rol” kanthi gegayutan karo lelakone paraga wayang wong, ing drama “Leng” gegayutan karo wong cilik kang dadi kurban modernisasi, ing drama “Tuk” gegayutan karo anane kabar panggusuran, lan drama “Dom” gegayutan karo papan kang dienggo pambuwangan limbah pabrik. Gegambarane paraga saka patang naskah drama sajrone KNDG uga beda-beda, nanging isih nggambarake kahanan urip kang meh padha. Kajaba saka iku, alur crita kang digunakake yaiku alur maju kanthi diperang dadi limang tahap yaiku eksposisi, komplikasi, klimaks, resolusi, lan konklusi.

Sajrone KNDG uga ditemokake prakara-prakara sosial kang tuwuh. Prakara sosial kasebut diperang miturut sumbere, yaiku faktor ekonomi, faktor kabudayan, faktor psikologis, lan faktor biologis. Prakara-prakara kang ana sajrone KNDG, sejatine uga kerep kedaden ing masyarakat. Bab kasebut kabukten yen prakara sosial kang ana sajrone KNDG kayata kemlaratan, pengangguran, disorganisasi kulawarga, lan liya-liyane uga akeh dumadi sajrone masyarakat jaman saiki.

PURWAKA

Donyane sastra ana maneka warna *genre* sastra, salah sawijine *genre* sastra yaiku drama. Drama minangka sawijine *genre* sastra kang beda karo *genre* sastra liyane. Miturut Najid (2003:15) drama yaiku karya sastra kang medharake crita lumantar pacelathon. Bab kang padha uga diandharake dening Indarti (2006:3) yen drama minangka karya sastra kang ditulis awujud pacelathon kanthi tujuwan digelar dening para paraga. Senajan drama nduweni tujuwan kanggo digelar, nanging ora kabeh naskah drama cocog lan trep kanggo digelar.

Naskah drama nduweni kalungguhan kang wigati sajrone pagelaran drama amarga naskah drama mujudake wedharan kang isine ngenani crita utawa lakon. Tema kang kerep diangkat sajrone naskah drama yaiku tema sosial kang uga nggambarake kanyatan kang ana ing masyarakat. Sastrawan kang kerep nulis naskah drama kanthi tema sosial yaiku Putu Wijaya, Bambang Widoyo SP, M. Nursyahid, Rendra, N. Riantiarto, lan liya-liyane. Sastrawan-sastrawan kasebut kerep nulis naskah drama kang uga gegayutan karo panguripane wong cilik. Ing antarane sastrawan-sastrawan kang disebutake mau, kang narik kawigaten, yaiku Bambang Widoyo SP. Bab iku disebabake panjenengane minangka ketua saka teater *Gapit* bisa nguripake teater kanthi nggayutake karya-karyane karo panguripane masyarakat Jawa.

Bambang Widoyo SP minangka anggota teater *Gapit* (gandrung kecepit) wis ngripta 7 naskah drama. Naskah drama kang wis diripta yaiku “*Rol*”, “*Leng*”, “*Tuk*”, “*Dom*”, “*Brug*”, “*Suk Suk Peng*”, lan “*Reh*”. Naskah-naskah kasebut ana kang didadekake buku kanthi irah-irahan *Gapit*. Kumpulan Naskah Drama *Gapit* (sabanjure dicekak KNDG) dumadi saka naskah drama “*Rol*” (1983), “*Leng*” (1985), “*Tuk*” (1989), lan “*Dom*” (1990). Irarah-irahan saka petang naskah drama kasebut sejatine mujudake simbol saka realitas sosial sajrone urip bebrayan kang kebak alangan.

Patang lakon kang ana ing KNDG nggambarake panguripan sosial kang ana sajrone panguripane masyarakat Jawa mligine kaum marginal. Panguripan kasebut gegayutan karo prakara-prakara kang kerep diadhepi masyarakat kang bisa diperang dadi papat yaiku bab ekonomis, biologis, psikologis, lan kabudayan (Soekanto, 2012:314). Amarga KNDG nggambarake sawijine panguripane sosial ing masyarakat, mula trep yen ditindingi kanthi nggunakake tindingan sosiologi sastra. Sosiologi sastra nggayutake prakara kang ana sajrone naskah drama karo kanyatan kang ana ing masyarakat.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, mula panliti kepengin ngrembug babagan prakara sosial sajrone KNDG kanthi tindingan sosiologi sastra. Kaluwihan saka panliten iki yaiku bisa ngonceki kanthi luwih cetha ngenani prakara sosial sajrone naskah drama kang uga nduweni sesambungan karo kanyatan jaman saiki. Kajaba iku, panliten iki durung nate ana kang nliti ing babagan sastrane mligine kanthi nggunakake tindingan sosiologi sastra.

Gegayutan karo andharan mau underane panliten iki yaiku: (1) Kepriye strukture KNDG anggitane Bambang

Widoyo SP ?, (2) Apa wae prakara sosial kang digambarake dening pangripta sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP?, (3) Kepriye sesambungane prakara sosial sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP karo prakara sosial sajrone panguripan kang nyata jaman saiki?.

Adhedhasar underane panliten kasebut kadudut ancane panliten yaiku: (1) njlentrehake struktur KNDG anggitane Bambang Widoyo SP, (2) njlentrehake prakara sosial kang digambarake dening pangripta sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP, (3) njlentrehake sesambungane prakara sosial sajrone KNDG anggitane Bambang Widoyo SP karo prakara sosial sajrone panguripan kang nyata jaman saiki.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah, dene paedah yaiku: (1) tumrap panliti, panliten iki mujudake sarana kanggo ngecakake kawruh lan katrampilan kang wis ditampa sasuwene kuliya, (2) tumrap studi sastra, kanggo menehi sumbangan tumrap pangrembakane telaah karya sastra kang nggunakake tindingan sosiologi sastra mligine kanggo nindingi karya sastra kang awujud drama, (3) tumrap pamaca, panliten iki bisa dadi sarana nggampangake anggane maca lan menehi pambiji marang karya sastra Jawa modern, mligine KNDG anggitane Bambang Widoyo SP.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Drama

Drama minangka salah sawijine jinis karya sastra modern. Drama dumadi saka basa Yunani yaiku *draomai* kang ateges tumindak (Putra, 2012:4). Drama nduweni unsur-unsur kang wigati, salah sawijine yaiku naskah. Naskah yaiku perangan skenario kang katulis kanthi detail (Putra, 2012:71). Harymawan (1993:23) ngandharake, naskah drama yaiku wujud/rencana kang tinulis saka crita drama.

Naskah drama nduweni kalungguhan kang wigati sajrone pagelaran drama amarga naskah drama mujudake wedharan kang isine ngenani crita utawa lakon. Wujud lan susunan naskah drama beda karo naskah crita cekak utawa novel. Naskah cekak utawa novel isine ngenani crita kang jangkep lan langsung karo kedaden-kedaden kang dumadi, nanging suwalike, naskah drama ora nyritakake crita kanthi langsung. Panutur critane diganti karo pacelathone para paraga.

Naskah drama minangka wedharan kang kudu jangkep tenan lan wis siyap dipragakake ing ndhuwur panggung. Kanggo nggampangake para paraga drama, naskah drama ditulis kanthi jangkep. Isine dudu mung cecaturan, nanging uga diwenahi maneka katrangan utawa pituduh. Pituduh kasebut arupa solah bawa kang kudu dilakoni paraga, ekspresi paraga, papan panggonan kedadeyan, alat kang digunakake, lan kahanan panggung (Putra, 2012:26).

Konsep Struktur

Analisis struktur sawijine karya sastra yaiku upadaya kanggo ngeksplisiteke lan nyistematisake apa kang ditindakake sajrone proses maca lan mahami karya sastra (Teeuw, 1988:154). Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2007:36) njlentrehake yen struktur karya sastra yaiku susunan, panegesan, lan gegambaran

sakabehe bahan lan bageyan kang dadi komponene lan kanthi bebarengan mbentuk sawijine kamanunggalan kang endah. Kodrat struktur bisa nduweni makna kang kompleks, saengga pamaknaan kudu diarahake menyang gegayutane antarane unsur kanthi rata (Endraswara, 2008:49).

Suroto (1989:88) ngandharake yen unsur kang mbangun karya sastra saka njero utawa lumrahe diarani unsur intrinsik antara prosa, guritan, lan drama iku beda. Sabanjure Suroto (1989:134) uga ngandharake yen unsur intrinsik drama ana lima, yaiku tema lan amanat, plot, karakterisasi/ pamaragan, pancelathon, lan setting (latar).

Sastra lan Masyarakat

Sastra mujudake sawijine gejala sosial. Sastra kang ditulis ing sawijine wektu tartamtu langsung gegayutan karo norma-norma lan adat istiadat ing jaman kasebut (Luxemburg, 1989:23). Sastra uga medharake panguripan lan panguripan kasebut mujudake kanyatan sosial kang gegayutan karo manungsa lan kagiyatan sosial ing urip bebrayan.

De Bonald (sajrone Wellek & Waren, 1995:110) ngandharake yen sastra minangka wedharane rasa pangrasane masyarakat. Sastra bisa diarani ekspresi lan kaca benggallane urip saengga pangripta bisa ngekspreseke pangalaman lan pamawase ngenani urip. Pangripta ora bisa ngekspreseke panguripan kanthi sakabehe utawa kanthi kongkret.

Sosiologi Sastra

Sosiologi sastra yaiku analisis karya sastra kang gegayutan karo masyarakat (Ratna, 2010:339). Pamawas kasebut uga disengkuyung dening Endraswara (2008:79) kang ngandharake yen sosiologi sastra yaiku panliten kang tumuju marang prakara manungsa.

Sosiologi sastra miturut Endraswara (2008:80-81) bisa nliti sastra saora-orane lumantar telung *perspektif* yaiku kang kapisan *perspektif* teks sastra, tegese panliti nganalisis minangka sawijine *refleksi* panguripan masyarakat lan suwalike. Kaloro, *perspektif* biografis yaiku panliti nganalisis pangripta. *Perspektif* kasebut bakal gegayutan karo sejarah uripe pangripta lan lelathesane sosial. Nanging *perspektif* kasebut ditujukake kanggo pangripta kang isih urip amarga yen pangriptane wis ninggal donya ora bisa takon utawa ngumpulake datane. Katelu, *perspektif reseptif* yaiku panliti nganalisis panampane masyarakat tumrap teks sastra.

Prakara Sosial

Miturut Soekanto (2012:309) sosiologi bisa nelaah gejala-gejala kang lumrah sajrone masyarakat, kayata norma-norma, klompok sosial, lapisan masyarakat, lembaga-lembaga kemasyarakatan, proses sosial, anane pangowahan sosial lan budayan sarta parwujudane. Sejatine ora kabeh gejala-gejala kasebut bisa dilakoni kanthi normal kayadene apa kang dadi pangarep-arepe masyarakat. Gejala kang ora dipengini mujudake gejala abnormal.

Gejala-gejala abnormal kasebut diarani prakara-prakara sosial. Prakara sosial yaiku anane bab kang ora padha. Prakara sosial kasebut beda karo prakara sing liyane kang ana ing masyarakat amarga prakara sosial kasebut nduweni sesambungan kang rumaket karo nilai-nilai sosial lan lembaga kemasyarakatan. Prakara kasebut

bisa asipat sosial amarga gayutan karo sesambungane antarmanungsa lan sajrone draf bageyan kabudayan kang normatif. Bab kasebut diarani prakara amarga gegayutan karo gejala-gejala kang bisa ngganggu kelanggengan sajrone masyarakat. Mula prakara-prakara sosial kang gegayutan nilai-nilai sosial uga mbahas saka segi moral (Soekanto, 2012:309).

Prakara sosial tuwuh saka kakurangan-kakurangan sajrone dhiri manungsa utawa klompok sosial. Soekanto (2012:314) merang prakara sosial saka sumbere yaiku faktor ekonomis, biologis, psikologis, lan kabudayan.

Lelandhesan Teori

Landhesan teori kang digunakake kanggo nitingi objek panliten iki salaras karo bahan kajian ing ndhuwur. Panliten iki nggunakake tindingan sosiologi sastra saka panemune Ratna (2010:339) kang ngandharake sosiologi sastra yaiku analisis karya sastra kang gegayutan karo masyarakat. Banjur uga disengkuyung tindingan struktural kanggo mbedhah KNDG kanthi wiwitan, analisis struktur kang digunakake yaiku miturut panemune Teuuw (1984:154) lan kanggo ngonceki prakara-prakara sosial digunakake panemune Soekanto (2012:314).

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten ngenani KNDG iki nggunakake jinis panliten kualitatif. Panliten kualitatif yaiku prosedur panliten kang ngasilake dhata dheskriptif arupa tembung-tembung kang katulis utawa lisan saka pawongan utawa tingkah laku kang diamati (Moleong, 2002:3). Panliten kualitatif sacara sakabehe manfaatake cara-cara penafsiran kanthi nyajekake asil analisis sajrone wujud dheskripsi, saengga panliten iki minangka panliten kang nggunakake dheskriptif kualitatif.

Ancangan kang digunakake sajrone nitingi KNDG anggitané Bambang Widoyo SP yaiku ancangan sosiologi sastra. Adhedhasar saka ancangan sosiologi sastra yaiku anane sesambungan antarane karya sastra lan masyarakat. Ancangan kasebut trep digunakake kanggo njlentrehake dhata kang cundhuk karo punjere panliten.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek kang nuduhake asal usule dhata (Arikunto, 2006:172). Kang dadi sumber dhata ing panliten iki yaiku KNDG kang dumadi saka patang naskah drama “Rol”, “Leng”, “Tuk”, lan “Dom”. KNDG iki isine ana 302 kaca kang diterbitake taun 1998 dening yayasan penerbitan Bentang Budaya.

Dhata

Dhata mujudake asile cathetan arupa kasunyatan (Arikunto, 2006:118). Ana ing panliten iki dhata kang diklumpukake yaiku dhata kang awujud tembung apadene ukara cuplikan saka KNDG. Dhata ing panliten iki yaiku tetembungan, ukara lan wacana kang ana gegayutane karo prakara kang arep ditliti, yaiku struktur KNDG, prakara sosial sajrone KNDG, lan sesambungane prakara sosial sajrone KNDG karo prakara sosial sajrone panguripan kang nyata.

Instrumen Panliten

Ing panliten kanthi irah-irahan *Kumpulan Naskah Drama Gapit Anggitane Bambang Widoyo SP* iki kang dadi instrumen utawa alat pangumpulane dhata kang utama yaiku panliti dhewe. Bab iku selaras kaya kang diandharake Moleong (2002:19) pangumpul dhata alamiah luwih gumantung marang awake dhewe. Saliyane panliti minangka instrumen utama, ing panliten iki uga nggunakake piranti-piranti panyengkuyung liyane. Piranti panyengkuyung iku antarane kartu dhata, polpen, potelot, spidol lan liya-liyane.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku nggunakake metode kapustakan. Metode pustaka yaiku sawijine metode kang nduweni tujuwan kanggo ngumpulake dhata lan informasi kanthi pitulungan maneka warna sumber dhata kang gegayutan karo prakara kang arep diteliti, kang ana ing ruang perpustakaan (Ratna, 2012:39).

Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki kang migunakake metode pustaka yaiku (1) Maca wiwit saka kawitan nganti pungkasan KNDG kanthi dibolaboleni lan dimangerteni surasane. Prakara kasebut nduweni tujuwan supaya oleh pangerten ngenani sakabehe makna kang kinandhut ing KNDG anggitane Bambang Widoyo SP. (2) Nggolongake dhata kang mathuk karo prakara kang diandharake. (3) Nyathet dhata kang wis digolongake kanthi tujuwane supaya gampang kanggo nggolongake dhata-dhata kang salaras karo underane panliten.

Tata Cara Nganalisis Dhata

Kanggo nganalisis dhata, panliten iki nggunakake metode analisis hermeneutika. Kanthi estemologis, hermeneutika asale saka basa Yunani yaiku hermeneunin kang tegese yaiku nafsirake utawa nginterpretasikake. Karya sastra perlu ditafsirake amarga ing sawijine pihak karya sastra kasusun saka basa, ing pihak liya, ing sajrone basa akeh banget makna kang ora diwedharake kanthi langsung, utawa ora sengaja ora diwedharake kanthi langsung (Ratna, 2012:45).

Adhedhasar andharan kasebut cara kang digunakake kanggo nganalisis dhata yaiku (1) Analisis prakara panliten kanthi cara hermeneutik. (2) Analisis strukture KNDG, prakara-prakara sosial kang ana ing KNDG kang banjur digayutake karo kasunyatan sosial ing jaman saiki. (3) Nyusun analisis awujud draf skripsi.

Tata Cara Nulis Asil Panliten

Tata cara nulis asile panliten ditindakake sawise ngolah dhata tumrap KNDG anggitane Bambang Widoyo SP kathi sistematika skripsi : Bab I: Purwaka, kang isine lelandhesane panliten, underane panliten, ancane panliten, paedahe panliten, wewatesane istilah. Bab II: Tintingan Kapustakan, kang isine panliten kang saemper, drama, analisis struktur, sastra dan masyarakat, sosiologi sastra, prakara sosial, lan lelandhesane teori. Bab III: Metode Panliten, kang isine ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrument panliten, cara ngumpulake dhata, cara nganalisis dhata, lan cara nulis asile panliten. Bab IV: Andharan Panliten, kang isine andharan saka asile panliten kang kaperang dadi telung sub bab yaiku 1) stuktur crita sajrone KNDG mligine ing babagan tema,

paraga, lan alur. 2) prakara sosial kang ana sajrone KNDG kanthi adhedhasar sumber prakara, mligine faktor ekonomi, budaya lan psikologis. Lan 3) gegayutan fenomena prakara sosial sajrone KNDG karo kanyatan ing masyarakat jaman saiki. Bab V: Panutup, kang isine dudutan saka asile panliten lan pamrayoga

Asil lan Tintingane Panliten

Struktur KNDG

Tema

KNDG minangka kumpulan naskah drama kang dumadi saka patang naskah yaiku “Rol”, “Leng”, “Tuk”, lan “Dom”. Tema kang digunakake patang naskah kasebut yaiku tema sosial kanthi nggayutake babagan kang ora padha. Tema drama “Rol” ngenani lelakone wayang wong kang uga ana gayutane karo anane petrus (penembak misterius). Wayang wong kang dimaksud yaiku ana rong teges, kang kapisan wayang wong kang nggunakake dhalang manungsa lan kang kaloro wayang wong kang dhalange Gusti Kang Kuwasa.

Tema drama “Leng” ngenani wong cilik kang dadi kurban modernisasi lan industrisasi. Tema drama “Rol” ngenani anane panggusuran tumrap papan panggonan (Magersaren). Magersaren minangka papan panggonan kang disewakake kanthi ora resmi lan dipanggoni kanthi *turun temurun*. Tema drama “Dom” yaiku papan panggonan kang dienggo pambuwangan limbah pabrik.

Pamaragan

Paraga sajrone KNDG digambarake kanthi kahanan sosial kang meh padha. Paraga sajrone drama “Rol” ana Kanjeng kang nduweni sipat pasrah, Gembok minangka polisi kang nduweni sipat kang tega, Salamun minangka mantan paraga wayang wong kang nduweni sipat gampang nglokro, la nana Mbok Jiah minangka wong adol wedhang kang nduweni sipat seneng tetulung.

Paraga sajrone drama “Leng” ana Bongkreng minangka mantan mandor pabrik kang nduweni sipat seneng tetulung lan kendel, Juragan minangka juragan pabrik Bakalan kang nduweni sipat jirih (gampang wedi), lan Mbok Senik minangka tukang pijet kang nduweni sipat pasrah.

Paraga sajrone drama “Tuk” ana Mbah Kawit minangka sesepuh Magersaren kang nduweni sipat gampang nglokro lan nduweni tanggung jawab, Lik Bisma minangka wong kang adol karet olor lan sumbu kompor nduweni sipat wicaksana lan kerep menahi pitutur panguripan, lan Soleman minangka makelar kang nduweni sipat gampang murang-muring.

Paraga sajrone drama “Dom” ana Mbah Jaga minangka sesepuh desa kang nduweni sipat ikhlas, Landa Bajang minangka buron kang nduweni sipat gampang murang-muring, lan Kresna Gambar kang pakaryane nggambar utawa nglukis kang nduweni sipat wicaksana lan kerep menahi pitutur.

Alur

Alur sajrone KNDG diperang dadi limang tahap yaiku eksposisi, komplikasi, klimaks, resolusi, lan konklusi. Alur drama “Rol” diwiwiti eksposisi kanthi nggambarake paraga lan latar, banjur komplikasine nalika Gembok minangka polisi kerep nggoleki anake Kanjeng sing dadi buronan, klimakse yaiku nalika Gembok isih

terus-terusan nguber Bandrek lan nggunakake cara kanthi apa wae supaya Bandrek bisa ditumpes. Kahanan kasebut tansaya ruwet nalika ujug-ujug ana swara bedhil. Resolusine yaiku Kanjeng ngongkon Bandrek supaya mlayu saka dhaerah kono, lan konklusine Bandrek kena tembakan lan pungkasan dheweke ora bisa dislametake.

Alur drama “Leng” diwiwiti eksposisi kanthi nggambarake paraga lan latar kang ana ing dhaerah Bakalan, banjur komplikasine nalika nalika Juragan pabrik arep ngambakake pabrik kanthi cara nggusur pekarangane Bongkreng lan pasareyane Kyai Bakal, klimakse yaiku nalika Bongkreng nekad tumuju pabrik kanggo marani Juragan amarga atine wis kebak tatu kang banjur pabrik ngalami kobongan. Resolusine yaiku Juragan ngutus Bedor kanggo nyekel Bongkreng amarga wis wani nantang dheweke., lan konklusine Bongkreng kang kena tembak, ora dimangerteni nasibe lan Juragan uga wis kasil kanggo ngambakake pabrik saengga pasareyane Kyai Bakal ana ing tengah-tengah pabrik.

Alur drama “Tuk” diwiwiti eksposisi kanthi nggambarake paraga lan latar kang ana ing dhaerah Magersaren, banjur komplikasine nalika ana kabar yen Magersaren arep didol, klimakse yaiku anane warga kang seneng yen Magersaren sida didol, amarga bakal antuk pasargon, nanging Mbah Kawit ora rila yen Magersaren nganti sida payu. Resolusine yaiku anane kabar ngenani Magersaren kang arep didol, ndadekake Mbah Kawit sansaya kepikiran lan saking kesele, dheweke nganti ngimpi yen Magersaren kobongan, banjur konklusine sadurunge Magersaren payu didol Mbah Kawit pengin mati dhisik ing kono lan pepenginanane kasebut bisa kawujud.

Alur drama “Dom” diwiwiti eksposisi kanthi nggambarake paraga lan latar kang ana ing dhaerah Kandhangan, banjur komplikasine nalika ana limbah pabrik kang diguwang ing Kandhangan tansaya akeh, klimakse yaiku Landa Bajang luwih milih tetep ana ing njero Kandhangan ora tanpa alesan, nanging Prapti minangka bojone ora bisa nrima kahanan kasebut. Ujug-ujug Prapti njaluk pegat marang Landa Bajang lan kanyatane dheweke iku lagi ngandhut, nanging bayi kang dikandhut iku dudu anake Landa Bajang. Resolusine yaiku warga Kandhangan demo amarga ora trima yen Kandhangan dinggo mendhem limbah pabrik lan Landa Bajang kang katon nggawa lading langsung ditembak dening aparat, banjur konklusine Mbah Jaga, Kresna Gambar, lan Pak Lakon mung bisa nggresah ngrasakake uripe ana ing Kandhangan. Den Setra uga wis ora kuwat anggane ngadhepi kahanan Kandhangan kang tansaya mrihatinake.

Prakara Sosial Sajrone KNDG

Faktor Ekonomi

Kang kalebu faktor ekonomi yaiku kemlaratan lan pangangguran. Sajrone KNDG uga digambarake ngenani kemlaratan kang mligine dumadi tumrap masyarakat cilik utawa kaum marginal. Dadi wong mlarat pancen ora penak. Amarga kepengin samubarang mung bisa diangen-angen, beda karo wong kang nduwe dhuwit, yen pengin apa-apa langsung bisa dituku.

Mbok Jiah

Yen kepengin ngombe kopi legi kowe ki ya ndhang sugiha. Wong duwe dhuwit ki yen arep keplek ilat ora kurang dalane. Kae neng njaba kae, warung apa restoran ting tlecek. Ora mung ngutang eneng kene terus (Widoyo, 1998:12).

Minangka dadi wong sugih mesthine pengin samubarang langsung bisa dituku senjata regane larang beda karo wong mlarat. Kanggo mangan saben dina wae wong mlarat iku wis bingung apamaneh kanggo nyukupi kabutuhan liyane. Wong mlarat iki dudu ateges dheweke ora nduwe upaya kanggo ngowahi panguripane supaya luwih becik, uga dudu ateges yen dheweke iku kesed. Nyatane akeh wong kang sregep nanging kahananane wae kang isih durung mihak marang dheweke. Iku kabeh minangka pancobane urip kang kudu diadhepi dening manungsa.

Saliyane kemlaratan, bab pengangguran uga wigati sajrone ndadekake prakara sosial. Kurange lowongan kerja ndadekake pangangguran tansaya akeh. Anane pangangguran uga kagambar sajrone KNDG. Salah sawijine kang ndadekake anane pengangguran yaiku PHK (*pemutusan hubungan kerja*). Anane PHK bisa ngrugekake para pawongan amarga lumrahe PHK mung ditindakake salah siji pihak wae. Kadang kala PHK ditindakake amarga pabrik kang arep bangkrut, nanging kadhang kala uga PHK ditindakake kanthi alasan kang ora cetha.

Bongkreng

Ndhisik aku diangkat dadi mandhor pabrik bateke mung arep digembluk lemahku. Tujune aku tanggap sasmita. (meneng sedhela) sampeyan kelingan ta Pak, dhek pabrik gegeran merga buruhe akeh sing padha ditokke? (Widoyo, 1998:81)

Anane pangangguran kanyatan bisa ndadekake tingkat kanistan tansaya luwih gedhe. Akeh pawongan kang pengin nduwe dhuwit akeh lan sugih kanthi cara kang ora becik.

Faktor Kabudayan

Kang kalebu faktor kabudayan yaiku diorganisasi kulawarga, panindhesan, lan modernisasi. Disorganisasi kulawarga kerep dumadi ing masyarakat mligine amarga pegatan lan kurange komunikasi. Babagan kasebut uga kagambar sajrone KNDG.

Pegatan minangka salah sawijine cara kanggo mungkasi prakara bale somah, nanging pegatan iku ora becik ditindakake. Kabeh prakara mesthine ana cara kanggo mungkasiné, ora nganggo dalan cepet kayadene pegatan, kang kapethik kaya ing ngisor iki

Prapti

Aja dadi atimu. Bengi iki uga kabeh arep dak blakakake. Yen kowe milih tetep dadi buron kuwi kowe ateges ngilakake uripe bojomu. Aku kepeksa milih mlaku dhewe. Donya sing mbok antebi dudu donya sing dak karepke.

(Widoyo, 1998:286)

Saliyane disorganisasi kulawarga amarga pegatan, uga ana kakurangan sajrone kulawarga ing bab komunikasi. Kurange komunikasi bisa ndadekake salah tanpa lan sesambungan antara anggota kulawarga dadi rada longgar. Kajaba iku, kang kalebu faktor kabudayan yaiku panindhesan.

Panindhesan kerep dumadi ing ngendi-endi. Kang dadi kurban ora liya ya wong cilik. Lumrahe pawongan kang nduweni panguwasan, pangkat dhuwur, lan akeh dhuwite bisa tumindak sakarepe dhewe. Pawongan kang kaya ngono iku kerep tumindak tanpa mikirake wong liya. Apa kang dadi pepenginanane kudu bisa diolehi kanthi cara apa wae. Mula saka iku, wis lumrah yen akeh wong cilik diidek-idek utawa kalah saka wong panggedhe utawa kang nduwe kakuwasan, kang kapethik ing ngisor iki.

Bibit

Lha inggih! Nggih niku...! Rak asu ta! Sing wis sugih isih bingung butuh papan nggo mbabarake dhuwite, sing mlarat bakale saya megap-megap. Pira sing kesrakat, pira sing mlarat, pira sing sekarat, pira sing ditendhang, pira sing didugang, pira sing durung madhang... dicothat-cathet nganti mbulet, dietang-etung nganti linglung bareng dadi dhuwit ora wurung tibane mung nglumpuk neng pucuk...lsp.

(Widoyo, 1998:188)

Kanyatan ora mung wong-wong cilik lan mlarat wae kang bisa ditindhes, nanging uga pawongan kang wis ora nduweni daya. Pawongan kang ora nduweni daya uga bisa ditindhes dening pawongan kang nduweni kakuwatan.

Kajaba disorganisasi kulawarga lan panindhesan uga ana modernisasi kang kalebu faktor kabudayan. Modernisasi pancen nggawa akibat kang positif nanging uga nggawa akibat kang negatif. Pawongan luwih kerep gumantung karo mesin lan teknologi saengga manungsa dadi tansaya males. Kabeh pakaryane manungsa bisa diganteni karo mesin, saengga kalungguhane manungsa sansaya suwe bisa uga diganteni karo mesin.

Bongkrek

Jalarane nggih swara mesin nika. Mesin gedhi-gedhi kredhitan saka luar negri, ngesuk sak pole tenaga buruh-buruh mriki. (*nduduhi nganggo raine*) Sutinah anake Pak Rebo niku nggih katut kecopot.

(Widoyo, 1998:81)

Tansaya luwih majune pangrembakane teknologi lan modernisasi uga nyebabake kabudayan asli dhaerah sansaya dipinggirake. Akeh kang kerep nampilake *dance* utawa kabudayan njaba kang cetha yen kabudayan kasebut dudu kabudayan asli Indonesia. Kabudayan kang kaya mangkono sansaya ngrembaka, apamaneh para nom-noman saiki luwih akeh kang seneng kabudayan njaba amarga dibiji luwih modern lan narik kawigaten.

Faktor Psikologis

Manungsa sajrone uripe ora nate ucul saka prakara. Prakara-prakara kasebut yen ora dipungkasi bisa tansaya akeh lan tansaya suwe uga bisa ndadekake stres. Akeh maneka bab kang bisa ndadekake stres, salah sawijine

yaiku rasa kuwatir kang kaluwih-luwih. Nduweni rasa khuwatir kang kaluwih-luwih iku uga ora becik. Sathithik-sathithik kapikiran, sathithik-sathithik kuwatir nanging bab kang dikuwatirake kasebut sejatine ora perlu, malah bisa uga ora ana. Salah sawijine panyebab rasa kuwatir kang kerep dumadi sajrone manungsa yaiku kuwatir kelangan bandha, kang kapethik ing ngisor iki.

Juragan

...Dor, Bedor...lha kae Dor. Kae sapa Dor? Sing neng ngisor kae? Rubung-rubung ana ngarep regol. Akeh banget. (MILANG-MILING) Ya, ampun... gedhong iki wis dikupeng. Wis dikupeng Dor. Wong-wong padha gembrudug mara mreng. Kae sapa Dor...Bedor!! (Widoyo, 1998:89)

Saliyane stress kang disebabake rasa kuwatir kang kaluwih-luwih mligine amarga kelangan bandha donyane, uga ana stres kang disebabake trauma tumrap samubarang. Trauma kang kaluwih-luwih lan tansaya dipikir uga bisa ndadekake stress, kang kapethik ing ngisor iki.

Mukiya

Sing njupuk Den Bandrek dhewe...tenan, aku wani sumpah...aduh...aja digebug...sing njupuk dudu aku...seksine Gusti Allah... Adhuuuuh biyuuuung... iki piye Mbooooo.. (*ngaruwara jerit-jerit sambate, kelingan kaya dhek diajar petugas neng tahanan*) (Widoyo, 1998:54)

Faktor Biologis

Faktor biologis gegayutan karo garis katurunan. Sipat kang diduweni anak ora bakal beda karo sipat wong tuwane kaya unen-unen 'kacang ora ninggal lanjaran'

Mbokdhe Jemprit

Sing kandha sapa? He, ora! Wong Denmas Darsa sing kagungan Magersaren kene iki ora bisa anak-anak. Kuwi wis dibuktekke karo garwane sing pisanan karo sing nomer loro. Ya bab iki sing marakake Magersaren kene iki geger. Kok Mbokne Menik bisa meteng?

(Widoyo, 1998:182)

Pethikan kasebut nuduhake yen sejatine Menik iku dudu anak kandhunge (biologis) Den Darso amarga Den Darso iku ora bakal bisa nduweni anak. Amarga Den Darso iku minangka piyayi ing dhaerah kasebut, mula dheweke tanggung jawab nalika nindakake maksiat. Ora ana pawongan kang ngerti sapa sejatine bapake Menik kajaba Mbokne Menik dhewe.

Sesambungane Prakara Sosial Sajrone KNDG Karo Kanyatan Jaman Saiki

Kemlaratan

Kemlaratan minangka prakara sosial kang dumadi ing ngendi-endi, ora mung ing KNDG nanging uga neng kanyatan. Indonesia minangka salah sawijine negara kang tingkat kemlaratane dhuwur. Senajan tingkat kemlaratan ing Indonesia tahun 2013 iki wis suda saka tahun sadurunge nanging tingkat kemlaratane isih kagolong dhuwur malah sansaya kritis, kang kapethik ing ngisor.

"Ing Indonesia ana 72.600 desa kang isih kagolong mlarat. Saben desa nduweni luwih

saka 20 persen wargane kang durung bisa menuhi kabutuhan dhasare. Saka 78 ewu desa kang ana ing Indonesia, 72.600 iku isih kagolong mlarat” (Tirta, 2012).

Pethikan kasebut nuduhake yen tingkat kemlaratan ing Indonesia iku isih dhuwur banget. Wong kang sugih ing Indonesia iki pancen akeh, nanging luwih akeh kang mlarat. Tingkat kemlaratan kang isih dhuwur kasebut kudu bisa disuda, ora malah ditambah.

Pangangguran

Pangangguran minangka salah sawijine prakara kang kudu diilangi. Ing Indonesia akeh banget pangangguran, akeh wong kang lontang lantung kaya ora nduwe pakaryan lan tujuwan. Akeh bocah kang sawise lulus sekolah utawa kuliyah angel anggone oleh pakaryan.

“Ana 5.384 bocah umur produktif ing Kutha Batu, Jawa Timur, kang nduweni status pangangguran. Dheweke kabeh iku minangka lulusan sekolah menengah pertama (SMP) nganti sapadhan karo sekolah menengah atas (SMA)”.

(Widianto, 2013)

Saka pethikan kasebut bisa diweruhi yen tingkat pangangguran kang ana ing Batu iku dhuwur, apamaneh ing kutha liyane. Nyatane anane ijasah sekolah utawa kuliyah ora bakal kanggo yen ta ora dibarengi karo anane kreativitas lan pengalaman nyambut gawe. Luwih becik, para nom-noman diwenahi katrampilan saengga dheweke bisa mbukak lowongan kerja, ora malah nggolek kerja.

Disorganisasi Kulawarga

Disorganisasi kulawarga kerep dumadi ing Indonesia, salah sawijine yaiku anane pegatan kang kaya-kaya wis mbudaya ing Indonesia. Artis minangka selebriti kang kerep dideleng masyarakat kanyatan uga kerep nglakoni kawin pegat. Ora mung artis kang tuwa wae kang kerep kawin pegat, nanging ana uga artis-artis enom kang wis pegatan. Bab kasebut bisa dideleng saka pawarta kang ana sajrone tabloid, kanthi pethikan iki.

“Ing sisih liya, akeh artis senior kang kawin pegat nganti luwih saka 3 utawa 4. Tuladhane Ibu Astri Ivo kang wis ping 7 kawin pegat, Rancy Milano nganti ping 3 kawin pegat, Marini Soerjosumarno, lan liya-liyane. saliyané iku, uga ana artis enom kang nindakake kawin-pegat-kawin-pegat, kayata Titi DJ, Paramitha Rusady, Krisdayanti, Yuni Sara, Enno Larian, lan kang anyar yaiku Prisia Nasution, Theresia Ebenna Erezia Pardede, Nova Eliza, Rachel Maryam, Ratu Felisia, Christi Jusung, lan isih akeh liyane”.

Pethikan kasebut nuduhake yen saperangan artis kanyatan kerep kawin pegat. Anane pernikahan iku bab kang sakral lan dudu mung kanggo nggolek popularitas. Artis minangka salah sawijine pawongan kang kerep diekspose uga kudu bisa njaga harmonisasi kulawargane.

Panindhesan

Panindhesan minangka salah sawijine prakara sosial kang kerep dumadi ing masyarakat. Lumrahe kang dadi kurban saka panindhesan kasebut yaiku wong-wong cilik kang

ora nduweni daya saengga bisa ditindhes dening golongan kang kuwasa. Anane pangkat, dhuwit, lan kuwasa kanyatan bisa ndadekake pawongan iku wuta, saengga dheweke bisa tumindak sakarepe dhewe, kaya pethikan ngisor iki.

“Para pangadol kang gembel digusur. Kaya-kaya dheweke ora diwenahi hak urip kanggo mangan utawa nggolek rejeki ing stasiun-stasiun, lan kang diwenahi izin urip lan oleh kauntungan para pawongan kang nduweni modal lan wong sugih.” (Nahimunkar, 2013)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa diweruhi yen kreta ekonomi minangka salah sawijine papan panggaweyane wong cilik, bakal diapus. Lumrahe, kreta ekonomi iku dadi papane wong-wong cilik nyambut gawe kanthi adol panganan, dolanan, lan liya-liyane. Anane kebijakan pemerintah kang ngapus kreta ekonomi uga bakal nggusur pakaryane masyarakat cilik kang lumrahe dadi pangadol sajrone kreta ekonomi kasebut. Para pangadol cilik iku wae ora bisa mlebu sajrone stasiun apamaneh yen ing njero kreta.

Modernisasi

Ing jaman saiki, modernisasi minangka bab kang wis mbudaya ing Indonesia. Bab kasebut bisa dideleng saka gaya wusana bocah jaman saiki uga wis beda. Ndhek biyen pawongan kerep nggunakake wusana kang katutup, nanging saiki malah luwih akeh kang seneng nggunakake wusana kang kabuka. Iku kabeh bisa wae ndadekake tingkat kriminalitas ing Indonesia tansaya dhuwur. Bab kasebut uga disengkuyung dening pamawase Yustin (2013), kang kapethik kaya ing ngisor iki.

“Wusana kanthi model barat bisa menehi pangaribawa tingkat kriminalitas ing Indonesia, bab kasebut disebabake amarga wusana budaya barat kang kabuka lan kuwalikan karo adat ing Indonesia. Kang njalari wanita melu cara wusanane wong barat yaiku amarga dheweke kabeh melu trend wusana kang lagi populer”.

Saka pethikan kasebut bisa diweruhi yen anane pangaribawa gaya wusana barat ing Indonesia nduweni dhampak kang ala. Wong wadon kang kerep nganggo wusana kang kabuka uga dadi ora aman. Wusana kang kabuka, kanyatan bisa ndadekake tingkat kriminalitas amarga akehe pamerkosan.

Stres

Stres minangka salah sawijine kedadayan kang bisa ndadekake gangguan kajiwan (gendheng). Pawongan kang kerep ngalami stres kudu cepet diobati amarga yen stres kanthi terus-terusan bisa ndadekake gendheng. Dhampak stres iku ora mung awake dhewe nanging uga bisa wong liya. Nalika stres mesthine kabeh pakaryan ora bisa ditindakake kanthi becik lan ora bisa sesrawungan karo wong liya kaya salumrahe, kaya pethikan ing ngisor iki.

“Anane pawongan kang nyoba bunuh dhiri amarga stres karo kahanan pakaryane wis dumadi maneh. Nalika iki ditindakake dening sawijine karyawan produsen motor

General Motors (GM) ing Romulus, Michigan, Amerika Serikat. Karyawan kang jenenge ora disebutake iku nyoba bunuh dhiri amarga kahanan kerjane ing pabrik kasebut.”(Ikhsan, 2013)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen salah sawijine pawongan minangka karyawan pabrik nekad lampus dhiri amarga stres karo kahanan pakaryane. Dheweke rumangsa akeh tekanan lan tuntutan saka pabrik kasebut lan saking wis ora kuwate, dheweke nekad lampus dhiri. Stres ing panggonane nyambut gawe iku uga kerep dumadi. Anane tekanan saka pimpinan, lembur kanthi ora dibayar, ora ana wektu kanggo ngaso, pakaryane kang tansaya abot lan ribet minangka saperangan faktor dumadine stres ing golongane karyawan.

Katurunan

Katurunan kang dimaksud ing kene yaiku samubarang kang diturunake (kanthi biologis) kang gegayutan karo katurunane. Wong tuwa lan anak mesthine nduweni samubarang kang padha, kayata golongan getih, sifat, lelara, lan liya-liyane. Kang dadi wigati, kanyatan ana lelara kang bisa dumadi kanthi turun temurun.

“Lara geger bisa dialami sapa wae lan disebabake maneka faktor. Nanging panliti ngandharake yen lara geger kang dialami sawijine manungsa bisa amarga turun temurun sajrone kulawarga amarga kena pangaribawane faktor genetik”. (Tamam, 2013)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen lelara wae uga bisa dialami sawijine pawongan kanthi turun temurun, kaya dene lara geger. Lara geger kang kerep dianggep pawongan minangka lara kang entheng nyatane uga gegutan karo faktor genetik anggone nularake, nanging iku dudu ateges wong kang kerep nggawa barang kang abot ora bisa kena lara geger.

PANUTUP

Dudutan

Asile panliten iki yaiku ing babagan struktur mung diwatesi tema, paraga, lan alur. Tema saka patang naskah drama sajrone KNDG yaiku tema sosial. Gegambarane paraga saka patang naskah drama sajrone KNDG uga beda-beda, nanging isih nggambarake kahanan urip kang meh padha. Kajaba saka iku, alur crita kang digunakake yaiku alur maju kanthi diperang dadi limang tahap yaiku eksposisi, kompikasi, klimaks, resolusi, lan konklusi. Sajrone KNDG uga ditemokake prakara-prakara sosial kang tuwuh. Prakara sosial kasebut diperang miturut sumbere, yaiku faktor ekonomi, faktor kabudayan, faktor psikologis, lan faktor biologis. Prakara-prakara kang ana sajrone KNDG, sejatine uga kerep kedaden ing masyarakat. Bab kasebut kabukten yen prakara sosial kang ana sajrone KNDG kayata kemlaratan, pengangguran, disorganisasi kulawarga, lan liya-liyane uga akeh dumadi sajrone masyarakat jaman saiki.

Pamrayoga

Adhedhasar analisis kang diandharake, panulis nduweni pangarep-arep supaya tulisan iki bisa nambah pangerten tumrap panulis lan pamaca kanggo nambah kawruh ngenani sastra lan panliten sastra. Panliten iki mligine ngrembug babagan analisis struktur, sosiologi sastra, lan prakara sosial sajrone naskah drama. Panliten iki uga dikarepake kanggo referensi panliten-panliten liyane kang saemper, saengga bisa ngandharake tintingan kang luwih jembar lan luwih jero kawruhe.

KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Medpress.

Harymawan. 1993. *Dramaturgi*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

<http://www.tabloidcleopatra.com/kawin-cerai-panggung-artis-di-layar-kaca/> (diakses 26 Mei 2013)

Ikhsan, Muhammad. 2013. *Strees Karena Kerja Karyawan Gm Mencoba Bunuh Diri*(online), (<http://oto.detik.com/read/2013/04/14/104941/2219720/1207/stres-karena-kerja-karyawan-gm-mencoba-bunuh-diri>, diakses 24 April).

Indarti, Titik. 2006. *Memahami Drama Sebagai Teks Sastra dan Pertunjukan*. Surabaya: Unesa University Press.

Luxemburg. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.

Moleong, Lexy. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Najid, Mohammad. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: Unesa Press

Nahimunkar. 2013. *Inilah Penindasan Reim Terhadap Kaum Miskin* (online), (<http://nahimunkar.com/inilah-penindasan-rezim-terhadap-kaum-miskin/>, diakses 12 Mei 2013).

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Putra, Bintang Angkasa. 2012. *Drama*. Yogyakarta: PT Citra Aji Parama.

Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta:Pustaka Pelajar.

_____.2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Soekanto, Soerjono.2012. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Grafindo Persada.

Suroto. 1989. *Apresiasi Sastra Indonesia*. Jakarta: Erlangga.

Tamam, Badrut. 2013. *Sakit Punggung Bisa Turun Temurun dalam Satu Keluarga* (online), (<http://resikopenyakit.blogspot.com/2013/04/sakit-punggung-bisa-turun-temurun-dalam.html>, diakses 30 April 2013).

Tirta, Ilham. 2012. 72 Ribu Desa di Indonesia Miskin(online).(<http://www.tempo.co/read/news/2012/10/29/1734/38370/>, diakses 12 Mei 2013)

Teeuw, A. 1988.*Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya

Wellek & Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Widoyo, Bambang. 1998.*Gapit*. Solo: Yayasan Bentang Budaya.

